Nimewo 47.21

D E K R È E G Z E K I T I F

DEKLARASYON IJANS POUTÈT KATASTWÒF NAN ETA NOUYÒK EPI ÒDONE GAD SÈVIS NASYONAL NOUYÒK POU METE YO NAN SÈVIS AKTIF POU EDE OTORITE YO GARANTI LÒD PIBLIK AK PWOTEKSYON PWOPRIYETE PIBLIK NAN DIVÈS ESTABLISMAN PENITANSYÈ YO

KONSIDERE KE, nan dat 17 fevriye 2025, epi kontinye apre sa, yon grèv ajan koreksyonèl ilegal te kreye yon menas iminan pou sekirite ajan prizon yo ki nan travay kounye a, plis pase 32,290 moun nan Depatman Koreksyon ak Siveyans Kominotè (Department of Corrections and Community Supervision) a ak kominote ki ozalantou etablisman koreksyonèl sa yo;

KONSIDERE KE, apre revizyon, gen yon bezwen kontinyèl pou sipòte anplwaye yo, sekirize moun ki anba swen Depatman Koreksyon ak Siveyans Kominotè a, prezève resous anplwaye yo, epi asire operasyon an sekirite nan etablisman koreksyonèl yo nan tout eta a;

SE POUTÈT SA, KOUNYE A, Mwen, Kathy Hochul, Gouvènè Eta Nouyòk, konfòmeman ak otorite Konstitisyon Eta Nouyòk la ak Seksyon 28 Atik 2-B Lwa Egzekitif la te konfye mwen, mwen konstate bezwen kontinyèl pou yon òd ijans pou katastwòf nan tout eta a pou sipòte operasyon an sekirite ak efikas nan etablisman koreksyonèl yo. Dekrè Egzekitif sa a ap rete an vigè jiska dat 13 septanm 2026.

ANPLIS DE SA, konfòmeman a otorite lalwa ban mwen selon Seksyon 29-a Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la, avèk dokiman sa a, mwen sispann oswa modifye tanporèman lwa sa yo, tout sa yo te sispann depi 19 fevriye 2025 rive 13 septanm 2026:

- Seksyon 97-G nan Lwa sou Finans Eta a (State Finance Law), nan mezi sa nesesè pou achte manje, founiti, sèvis, ak ekipman oswa pou founi divès sèvis santralize pou ede otorite lokal yo, moun, ansanm avèk lòt antite ki pa fè pati Eta a ki afekte yo pou yo fè fas ak sitiyasyon ijans lan ak rekipere yo.
- Seksyon 112 nan Lwa sou Finans Eta a, nan mezi li annakò avèk Atik V, Seksyon I nan Konstitisyon Eta a, epi nan mezi sa nesesè pou ajoute plis travay, chantye ak tan nan kontra Eta a; epi
- Seksyon 163 nan Lwa sou Finans Eta a, nan mezi sa nesesè pou achte pwodui, sèvis, teknoloji, ak materyèl ki nesesè yo, san yo pa swiv avi ak pwosesis acha nòmal yo;

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil Albany, nan 14^{yèm} jou mwa out nan ane de mil vennsis.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a